



Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou Klas 5yèm Ane

Adisyon ak Soustraksyon avèk Fraksyon



Chè Fanmi,



Klas nou an ap kòmanse yon inite etid nan matematik ki rele *Adisyon ak Soustraksyon avèk Fraksyon*. Inite etid sa a konsantre sou adisyon e soustraksyon avèk denominatè ki pa menm epi rezoud pwoblèm sou meziman ki genyen rapò avèk fraksyon sou yon liy ak pwen. Objektif enstriktif espesifik ke elèv ou pral travay sou li yo figure nan lis anba a avèk ekzanp sou travay elèv ki montre konpreyansyon nan chak objektif enstriktif.

Objektif enstriktif: Chèche yon estimasyon ak repons aktyèl pou pwoblèm sou mond reyèl e sou matematik ki genyen rapò avèk adisyon e soustraksyon fraksyon epi itilize modèl ak ekwasyon pou eksplike pansè ke yo itilize.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Savannah te itilize $\frac{1}{2}$ yad papyè kado pou vlope yon kado. Li te itilize $\frac{3}{8}$ yad papyè kado pou vlope yon lòt kado. Konbyen yad papyè kado Savannah te genyen antou?</p>	<p style="text-align: center;">Modèl ke yo itilize</p> <div style="display: flex; align-items: center; justify-content: center;">  </div> <div style="text-align: center; margin: 10px 0;"> $\frac{1}{2} + \frac{3}{8} = \frac{7}{8}$ </div> <div style="display: flex; justify-content: space-between;"> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; width: 30%;"> <p>Savannah itilize $\frac{7}{8}$ yad papyè kado.</p> </div> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: 60%;"> <p>Mwen te trase yon modèl epi mwen te nwasi li pou montre $\frac{1}{2}$. Answit mwen te trase yon lòt modèl e nwasi li pou montre $\frac{3}{8}$. Piske mwen bezwen konbine de modèl yo, mwen te separe premye a an 8 pati egal.</p> <div style="text-align: center; margin: 5px 0;"> $\frac{1}{2} = \frac{4}{8}$ </div> <p>Mwen te konte tout pati ki nwasi yo pou jwenn $\frac{7}{8}$.</p> </div> </div>
	<p style="text-align: center;">Itilize liy chif</p> <div style="display: flex; justify-content: space-between;"> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: 60%;"> <p>Mwen te kòmanse ak $\frac{1}{2}$ nan liy chif la ki ekivalan ak $\frac{4}{8}$. Mwen te kontinye konte pa $\frac{1}{8}$ twa fwa pou m adisyon $\frac{3}{8}$ epi rete nan $\frac{7}{8}$.</p> </div> <div style="text-align: center; margin: 10px 0;"> $\frac{1}{2} + \frac{3}{8} = \frac{7}{8}$ </div> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; width: 30%;"> <p>Savannah itilize $\frac{7}{8}$ yad papyè kado.</p> </div> </div> <div style="text-align: center; margin-top: 20px;">  </div>

Objektif Enstriktif: Trase yon liy ak pwen pou montre yon gwoup meziman ki pi pre fraksyon nan yon inite ($\frac{1}{2}$, $\frac{1}{4}$, ak $\frac{1}{8}$) epi adisyone e soustrè fraksyon pou rezoud pwoblèm ki genyen rapò avèk enfòmasyon ki prezante sou liy ak pwen.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Liy ak pwen an montre nonb mil Cooper te kouri pandan klas PE li mwa pase. Konbyen mil antou Cooper te kouri mwa pase a?</p>  <p style="font-size: small;">Miles Cooper Ran During PE Classes Last Month</p>	<p style="text-align: center;">Konbine Fraksyon "Amikal"</p> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: fit-content; margin: 10px auto;"> <p>Pou jwenn total mil ke Cooper te kouri mwa pase, mwen te adisyone $\frac{1}{4} + \frac{1}{4}$ ki egal a $\frac{2}{4}$. Answit mwen te adisyone $\frac{1}{2} + \frac{1}{2} + \frac{1}{2}$ ki egal a $1\frac{1}{2}$. Mwen konnen ke $\frac{2}{4} = \frac{1}{2}$, ebyen $\frac{1}{2} + 1\frac{1}{2} = 2$. Answit, mwen te adisyone $\frac{7}{8}$ mil nan 2 e li te banm $2\frac{7}{8}$ mil.</p> </div> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; width: fit-content; margin: 10px auto;"> <p>Cooper te kouri $2\frac{7}{8}$ mil mwa pase a.</p> </div>  <p style="font-size: small; text-align: center;">Miles Cooper Ran During PE Classes Last Month</p>

<p>Liy ak pwen an montre kantite mil Cooper te kouri pandan klas PE mwa pase a. Konbyen mil de diferans ki genyen ant distans li te kouri ki pi long lan ak sa ki pi kout la?</p>  <p style="font-size: small;">Miles Cooper Ran During PE Classes Last Month</p>	<p style="text-align: center;">Chèche Denominatè Komen</p> $\frac{7}{8} - \frac{1}{4}$ $\frac{7}{8} - \frac{2}{8} = \frac{5}{8}$ <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: fit-content; margin: 10px auto;"> <p>Pou jwenn diferans lan, mwen bezwen soustrè $\frac{1}{4}$ nan $\frac{7}{8}$. Li pi fasil pou soustrè lè denominatè yo menm. Piske $\frac{1}{4} = \frac{2}{8}$, mwen kapab soustrè $\frac{7}{8} - \frac{2}{8}$.</p> </div> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; width: fit-content; margin: 10px auto;"> <p>Genyen $\frac{5}{8}$ mil de diferans ant distans ki pi long lan ak sa ki pi kout la.</p> </div>  <p style="font-size: small; text-align: center;">Miles Cooper Ran During PE Classes Last Month</p>
--	---

Panse Matematik ak pratik sou Objektif Enstriktif: Mwen kapab rezoud pwoblèm egzakteman epi kominike panse m avèk presizyon.



Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte pitit ou nan inite etid sa:

Adisyone e Soustrè Fraksyon nan lavi reyèl:

- Lè w ap fè lesiv: "Si yon chaj lesiv pran $\frac{1}{2}$ tas detèjan, konbyen detèjan nou pral bezwen pou 3 chaj lesiv?"
- Lè w ap kuit pen: "Si resèt sa pran $\frac{3}{4}$ tas farin, epi nou double resèt la, konbyen farin nou bezwen?"
- Chèche ekzanp sou liy chif ak fraksyon, nonb antye ak liy ki pa trase. Sayo kapab jwenn sou tas meziman, kontè vitès, règ, ak tèmomèt. Fè elèv ou wè yo epi poze l kesyon ke l kapab rezoud pa adisone e soustrè fraksyon.